



**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH  
KABUPATEN PURWAKARTA**

Jalan Ir. H. Djuanda No. 11 Telp. (0264) 207908 Purwakarta

---

**RISALAH**

**SAWALA KARAHAYUAN  
DPRD KABUPATEN PURWAKARTA  
DINA RARAGA MILANGKALA  
PURWAKARTA KA 181  
SARENG  
KABUPATEN PURWAKARTA KA 44**

DINTEN : JUMAT  
PING : 20 JULI 2012  
TABUH : 09.00 WIB  
DI : GEDONG DPRD KABUPATEN  
PURWAKARTA.

*BISMILAHIRROHMANIRROHIM  
ASSALAMU'ALAIKUM WR. WB.*

ANU DIPIHORMAT, BAPA GUBERNUR JAWA BARAT, ANU  
DINA HAL IEU DISULURAN KU BAPA  
KEPALA BADAN KOORDINASI  
PEMERINTAHAN DAN PEMBANGUNAN  
WILAYAH KABUPATEN PURWAKARTA  
BESERTA IBU;

ANU DIPIHORMAT, KOMANDAN RESIMEN 063 SUNAN  
GUNUNG JATI, KOMANDAN RESIMEN  
ARMED 2 STHIRA YUDHA/ KOSTRAD,  
KOMANDAN BATALYON ARMED 2  
PASOPATI, KOMANDAN LAPANGAN  
UDARA SURYADHARMA KALIJATI,  
KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, SADEREK BUPATI, WAKIL BUPATI  
PURWAKARTA, KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT RENGRENGAN FORUM MUSPIDA  
KABUPATEN PURWAKARTA, KALIH  
IBU;

ANU DIPIHORMAT, KETUA PENGADILAN NEGERI  
PURWAKARTA, KEPALA KEJAKSAAN  
NEGERI PURWAKARTA, KAPOLRES  
PURWAKARTA, KOMANDAN KODIM  
0619 PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, PARA MANTAN BUPATI PURWAKARTA  
SINARENG PARA MANTAN KETUA  
DPRD KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, PARA BUPATI/WALIKOTA SINARENG  
PARA KETUA DPRD KABUPATEN/  
KOTA TATANGGA ATANAPI ANU  
NYULURANANA, KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, PARA PEJABAT SIPIL SINARENG TNI/  
POLRI TINGKAT KABUPATEN  
PURWAKARTA KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, PARA ANGGOTA DPRD KABUPATEN  
PURWAKARTA KALIH IBU;

PARA KEPALA DESA MIWAH BAMUSDES SA-KABUPATEN  
PURWAKARTA ANU KU SIM KURING  
DIPIHORMAT;

PARA SESEPUH, ALIM ULAMA SINARENG TOKOH  
MASYARAKAT PURWAKARTA ANU KU  
SIM KURING DIPIHORMAT;

PARA PUPUHU PARTAI POLITIK, ORMAS, LSM SINARENG  
BAPA/IBU, SA KUM NA TAMU  
ULEMAN ANU KU SIM KURING  
DIPIHORMAT.

PURWA ANU DIPISANGGEM SEJA NGEDALKEUN RASA  
SYUKUR KA HADIRAT ILLAHI ROBBI ANU KAGUNGAN  
KASAMPURNAAN, NAWURKEUN ROKHMAT TUR KARUNIA  
KANGGO SADAYA MAHLUK-**NA**.

MUNGGUHING KU HAKEKAT-**NA**, DANGET IEU  
PINARENGAN SEHAT LAHIR BATIN, DINA NGALUUHAN  
TUR NGALAKSANAKEUN RAPAT PARIPURNA ISTIMEWA  
DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, DINA RARAGA  
MILANGKALA HARI JADI PURWAKARTA KA - 181  
SAKANTENAN SARENG MILANGKALA KABUPATEN  
PURWAKARTA KA - 44.

KALAYAN NYEBAT "*BISMILAHIRROHMANIRROHIM*",  
RAPAT PARIPURNA ISTIMEWA DPRD KABUPATEN  
PURWAKARTA, DINTEN IEU, JUMAT, PING 20 JULI 2012 :

===== DI BUKA =====  
===== KETUK PALU 1 KALI == =====

DUPI RUNTUYAN ACARA IEU RAPAT PARIPURNA  
ISTIMEWA TEH PERELEANANA, NYAETA :

1. BUBUKA;
2. AOSAN AYAT SUCI AL-QUR`AN;
3. LAGU INDONESIA RAYA;
4. LAGU MARS PURWAKARTA;
5. BABAD PURWAKARTA;
6. PANGBAGE :
  - a. BUPATI PURWAKARTA;
  - b. GUBERNUR JAWA BARAT ;
7. DO'A / PANUTUP

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN ANU DIPIHORMAT,

MILANGKALA HARI JADI PURWAKARTA KA 181, KALAYAN LUYU SARENG PERATURAN DAERAH NOMER 2 TAUN 2006 ANU SAJARAHA MIUNJUK KANA PINASTEN BESLUIT NOMOR 2 TANGGAL 20 JULI 1831 NGEUNAAN PAWASTAAN WILAYAH ANU DISEBAT PURWAKARTA.

ANAPON MIELING HARI JADI KA 44 KABUPATEN PURWAKARTA, NU DIDASARAN KU UNDANG UNDANG NOMER 4 TAUN 1968, TENTANG PEMBENTUKAN KABUPATEN PURWAKARTA DAN KABUPATEN SUBANG, DENGAN MENGUBAH UNDANG-UNDANG NOMOR 14 TAUN 1950, TENTANG PEMBENTUKAN DAERAH DAERAH KABUPATEN DALAM LINGKUNGAN PROPINSI JAWA BARAT.

DINA DANGET IEU ANU ESTU KAWILANG BAGJANA, SIM KURING ATAS NAMI PIMPINAN KATUT SAKUMNA ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA NGABAGEAKEUN WILUJENG MILANGKALA PURWAKARTA KA 181 SAKANTENAN SARENG MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA - 44. MUDAH-MUDAHAN URANG SADAYANA HUSUSNA PIKEUN RAHAYAT PURWAKARTA

IEU TITI MANGSA TEH NGAJADIKEUN KAKUATAN ANU RONGKAH PIKEUN NGARONJATKEUN PANGWANGUNAN ANU SAUTUHNA.

LIAN TI ETA NGEUNAAN TEPUNG TAUNNA HARI BHAKTI ADHYAKSA KA 52, ANU PASTINA PING 22 JULI 2012 SARENG MILANGKALA HARI BHAYANGKARA ANU KA 66 SIM KURING MINANGKA KETUA MIWAH SAKUM NA ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, NGAHATURKEUN :

----- **W I L U J E N G** -----

MUGIA AYA HIBAR KAWILUJENGAN KALAYAN KUKUH PENGKUH DINA NGEMBAN PANCENNA SEWANG-SEWANGAN.

LIAN TI ETA SAKUMAHA NU URANG TOS PADA TERANG, YEN SAKEDAP DEUI URANG BADE LEBET KA BULAN RAMADHAN, BULAN NU PINUH KU HIKMAH TUR BAROKAH. DINA HAL IEU SIM KURING MINANGKA PUPUHU KATUT ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA NGUCAPKEUN:

**===WILUJENG NGAJALANKEUN IBADAH SAUM===**

MUDAH-MUDAHAN DINA BULAN NU SUCI ETA URANG  
SADAYANA TIASA NGALAKSANAKEUN IBADAH KALAYAN  
KHUSYU, SANGKAN MENANGKEUN PAHALA.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN ANU DIPIHORMAT,

LUYU SARENG KASAPUKAN PARA ANGGOTA DEWAN DINA  
GEMPUNGAN BADAN MUSYAWARAH, YEN MILANGKALA,  
BOH HARI JADI PURWAKARTA PON KITU DEUI HARI JADI  
KABUPATEN PURWAKARTA, HAKEKATNA MAH  
NYOREANG MANGSA KATUKANG, SAKANTENAN BARI  
NGAJI DIRI, SUPADOS URANG SADAYA SALAWASNA  
SUKUR KANA SAGALARUPI KASUGEMAAN ANU PARANTOS  
KAHONTAL TUR BARI NGOMEAN SAGALARUPI  
KAKIRANGANNANA.

SALAJENGNA DINA NYORANG KALAHIRAN, PERYOGI  
DIDUGIKEUN SAKEDIKNA SAWATARA LAMPAH ANU



ILAHAR NAMUNG HAKIKI, ANU DIPIHAREP TIASA JANTEN TITINCAK NYORANG MANGSA ISUK. LAMPAH ILAHAR ANU DIMAKSAD DI ANTAWISNA;

**KAHIJI, RAKSA JATI NU KATUKANG :**

HAL IEU MANGRUPAKEUN TITENAN LAMPAH NU ILAHARNA MIPARENG SAKUMNA PANGELING DINA MILANGKALA POE BRALNA LINUHUNG JATI NU MASIH NYACAS BODAS. JATI NU SAKUMAHA DAWUH ROSULULLAH, MASIH SAIBARAT KERTAS BODAS, PANGETUNG-NGETUNG WANCI KALIWAT. KUKITUNA JANTEN ESTU : SANISKARA DEDEG, IKHTIAR LUMAMPAH, PIHAREP, TUR MANGPAAT; KA SORANGAN, KA SASAMA, KA BATUR SADULUR SALEMBUR, KA RAHAYAT, OGE SANISKARA SUAL, MANA WAE NU ACAN KATEPI, ACAN NGABUKTI NU ANTUKNA NGAJADIKEUN CUKANG LANTARAN NGAHIDEUNGKEUN BATIN KANYERI.

BUPATI, OPD-OPD, DPRD KATUT WIDANG-WIDANG DIJERONA, ESTU KUDU NITENAN MANGSA KA TUKANG. NAON WAE KAKURANG PAMANCENAN GAWE, SAKUMAHA JERO BABAkti KA RAHAYAT. PANGIBARATAN ROSULULLOH, MARENTAHKEUN MANCEN GAWE ANU

SABODAS KERTAS, ANU NGANDUNG HARTI BERESIH TUR IKHLAS.

**KADUA, AJENAN JATI.**

KUDU INGET KA BALI GEUSAN NGAJADI". SATIAP ANU LAHIR KUDU INGET KANU NGALAHIRKEUN. ETA MANGRUPA HAKEKAT UTAMA LAMPAH DINA SATIAP KAJADIAN TUR RARAGA "MILANGKALA". URANG SADAYANA TOS SAKUDUNA ELING, SAKUDUNA NGAJEN KANU JADI INDUNG. SABARAHA REGEPE TUR TETEG URANG NGAJAGA WARISAN AJAR TINU JADI INDUNG.

KAKAIT SARENG KANAGARAAN, INDUNG NGANDUNG HARTI LEMAH CAI PANYICINGAN. WARISAN AJAR KASUNDAAN, NYAETA PITUAH-PITUAH LUHUR NU LUYU SARENG SYIAR KAISLAMANN ESTU KUDU PAGEUH DIJAGA, DIAJEN JERONA TUR DIWUJUDKEUN JADI PALAMPAHAN.

NGAJEN WARIS, HAKIKINA NGALAMPAH NILAI JADI AHLAK DINA BAGEAN JERO, LAIN DINA BAGEAN LUAR. KITU OGE NGAJEN TUR NGAJAGA WARIS BUDAYA, NYAETA NGAJAGA WARIS BUDI TUR WARIS DAYA.

SAWATARANA PITUAH DINA RARAGA NGAJEN TUR TIASA  
DIPIEMUT KU URANG SADAYANA.

ANU **KATILU, PINUWUH ITIKAD.**

NYAETA RAKSA JATI NU KA TUKANG, TUR AJENAN JATI  
KANA LAKSANA AMANAT, TANGTUNA TANPA HARTI  
HAKIKI LAMUN HENTEU NUWUHKEUN ITIKAD JEUNG  
LAMPAH ANU NYATA.

RAPAT DEWAN SARENG HADIRIN NU DIPIHORMAT,

LOBA PISAN PRESTASI NU GEUS DIRAIH KU  
PAMARENTAH KABUPATEN PURWAKARTA, KUKITUNA  
DINA KASEMPETAN ANU HADE IEU, SIM KURING  
MINANGKA PIMPINAN KATUT PARA ANGGOTA DPRD  
NGAHATURKEUN PANGHARGAAN ANU SA AGEUNG-  
AGEUNGNA KANA USAHA PAMARENTAH DAERAH  
HUSUSNA DINA NGAROJONG TUR NGALULUGUAN  
RAHAYATNA NEPI KA MEUNANG PRESTASI BOH DI  
TINGKAT PROVINSI KITU DEUI DI TINGKAT NASIONAL  
NU DI ANTARANA :

1. LINGKUNGAN NU TOS NYUMPONAN PAJAK BUMI DAN BANGUNAN (PBB) TATAR PADESAN SARENG TATAR KOTA DINA KELOMPOK IV TAUN ANGGARAN 2011;
2. JUARA TINGKAT I PROVINSI JAWA BARAT SARENG JUARA III TINGKAT NASIONAL DINA RARAGA LOMBA KELOMPOK AGRIBISNIS PETERNAKAN;
3. JUARA II GOLONGAN SAPI JALU UMUR 18-24 BULAN DINA PAMER INGON-INGON TINGKAT PROVINSI JAWA BARAT;
4. JUARA KE II LOMBA KAGIATAN KEARSIPAN TINGKAT LEMBAGA KEARSIPAN KABUPATEN/KOTA JAWA BARAT;
5. DESA KEMBANGKUNING KECAMATAN JATILUHUR NYANGKING JUARA II LOMBA DESA TINGKAT PROVINSI JAWA BARAT

LIAN TI ETA SIMKURING SALAKU RAHAYAT PURWAKARTA  
OGE NGAHATURKEUN PANGHARGAAN KA SADEREK  
BUPATI NU PARANTOS NGALAKSANAKEUN  
PANGWANGUNAN HUSUSNA NGENAAN INFRA STRUKTUR  
PON KITU DEUI SUPRA STRUKTUR UTAMINA JALAN DESA,  
JALAN KABUPATEN, TUR JALAN PROVINSI KATUT JALAN

NAGARA NU KATINGALI LEUWIH PINUNJUL TIBATAN SAMEMEHNA. NYAKITU DEUI UPAYA KEUR NAREKAHAN MASALAH KESEHATAN RAHAYAT DIANTARANA GAWÉ BARENG SARENG PT JAMSOSTEK CABANG PURWAKARTA.

TEU HILAP DINA KESEMPETAN IEU SIM KURING NGAHATURKEUN WILUJENG KA PAMARENTAH DAERAH KABUPATEN PURWAKARTA YEN SABABARAH POE NU KATUKANG TOS NYANGKING REKOR MURI KALAYAN GOLONGAN ANU MILU KAWILANG PANGSEUEURNA NU NGAGUNAKEUN JAJANGKUNGAN.

NU PALING KATAJI KUPAMENDAK SIM KURING, KITU DEUI RUPINA PIKEUN PARA PAJABAT PUBLIK, TANGTUNA LAIN SAUKUR CATETAN REKOR MURI WUNGKUL, TAPI FILOSOFI TINA ETA KAULINAN JAJANGKUNGAN. NYAETA LIR IBARAT PAJABAT NU AYANA DI LUHUR JEUNG RAHAYAT NU AYANA DIHANDAP, KAAYAAN NU DI LUHUR TANGTU BAKAL LANGKUNG ECES NINGALI KAHAREUP BATAN POSISI NU AYA DIHANDAP, MARANEHNA NU NGARANDAPAN DINA KAULINAN JAJANGKUNGAN BAKAL NYAHO KALAYAN JENTRE YEN KADALI ANGGER AYA DINA

LEUNGEUNNA, RANCINGEUS AYA DINA BAGIAN SUKU,  
SEDENGKEUN KAKUATANNA AYA DI HANDAP, KUKITUNA  
NU ULIN JAJANGKUNGAN BAKAL LEWIH NYAHO TUR  
SADAR KUDU KUMAHA JEUNG KAMANA MANEHNA KUDU  
NGALENGKAH KALAYAN TETEP INGET KANA KAKUATAN  
NU AYA DIHANDAPNA TUR NGABOGAAN WAWASAN NU  
JAUH KAHAREUP.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN NU DIPIHORMAT,

DISAGEDENGEUN PRESTASI ANU PARANTOS  
KACANGKING TUR NYUGEMAKEUNANA HASIL  
PANGWANGUNAN ANU TOS KAHONTAL, URANG BARIS  
JUJUR YEN PURWAKARTA TEH MASIH KENEH MIBANDA  
SARWANING KAKIRANGAN DINA SAGALA WIDANG  
PANGWANGUNAN, NU UTAMINA DINA NGAGEROH  
WIDANG KEUANGAN KATUT NGURUS KAKAYAAN  
NUDIPIBANDA KU PAMERENTAH DAERAH, KITU DEUI  
NGENAAN TARTIB LALU LINTAS, HUSUSNA NGEUNAAN  
TERMINAL TUR PANGATURAN LALAR LIWATNA  
KENDARAAN ANU ANTUKNA MINDENG NGABALUKARKEUN  
KAMACETAN LALU LINTAS.

KANYATAAN SAPERTOS KITU URANG TEU TIASA SUMPUT SALINDUNG, SABAB RAHAYAT NGARASAKEUN SAPOPOE TUR NYAKSENI AYANA PANORAMA KAMACETAN DI SATIAP TITIK KARAMEAN DI SABUDEUREUN KOTA PURWAKARTA SOK SANAJAN REA PISAN JALAN NU GEUS DI OMEAN.

PERKARA IEU LAIN BAE SAKADAR PASUALAN INFRA STRUKTUR JALAN JEUNG JEMBATAN WUNGKUL, LIAN TI ETA TANGTU NYANGKUT KANA REKAYASA JALAN NU JADI SALAH SAHIJI PANCEN SIM KURING MINANGKA UNSUR PENYELENGGARA PEMERINTAHAN DAERAH.

KUKITUNA SIM KURING ATAS NAMI LEMBAGA DPRD, NGADUGIKEN SARENG NYUHUNKEUN DIHAPUNTEN KASADAYA WARGA MASYARAKAT PURWAKARTA TINA SADAYA KATERBATASAN SINARENG KA TEU MAMPUAN SIM KURING DINA RARAGA NGALAKSANAKEUN FUNGSI DEWAN TERUTAMA FUNGSI ANGGARAN JEUNG FUNGSI PENGAWASAN KANGGO NGUNGKULAN ETA PASUALAN.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN NU DIPIHORMAT,

SALAJENGA SIM KURING MINANGKA PIMPINAN DPRD SEJA NGUNINGAKEUN KA SADAYANA SAGALA HAL NU PARANTOS DI GARAP KU DPRD SAJERO TAUN 2011-2012 NU TANGTOSNA SASARENGAN SARENG PAMARENTAH KABUPATEN PURWAKARTA, DIANTARANA TOS NETEPKEUN NYAETA:

1. DINA TAUN 2011 PERATURAN DAERAH SEUEURNA 19 PERDA.
2. TAUN 2011 KEPUTUSAN DPRD SEUEURNA 22 SARENG KEPUTUSAN PIMPINAN SEUEURNA 6 KEPUTUSAN.
3. TAUN 2012 DUGI KA AYEUNA KEPUTUSAN DPRD SEUEURNA 8 SARENG KEPUTUSAN PIMPINAN SEUEURNA 4 KEPUTUSAN.

ANAPON DINA WANCI TAUN 2012 IEU, RAPERDA ANU DIGARAP KU DPRD SEUEURNA AYA 23 (DUA PULUH TILU) RAPERDA KAASUP DIJERONA RAPERDA NGEUNAAN PERTANGGUNGJAWABAN PELAKSANAAN APBD KABUPATEN PURWAKARTA TAHUN ANGGARAN 2011 NU PARANTOS DIBAHAS DINA RAPAT PARIPURNA TANGGAL 29 JUNI 2012.



KU KITUNA, SIM KURING MINANGKA KETUA DEWAN SEJA  
UMAJAK KA SAKUMNA WARGA MASYARAKAT, UTAMINA  
KA NU NYANGKING KALUNGGUHAN DI PAMARENTAHAN,  
HAYU URANG BABARENGAN, DINA MERENAHKEUN DIRI  
JADI BAGIAN PIKEUN NGARANCANG, NGALAKSANAKEUN  
TUR NALINGAKEUN LUMANGSUNGNA PANGWANGUNAN  
DI KABUPATEN PURWAKARTA, LUYU SARENG PANCEN  
TUR GARAPANANA.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN NU DIPIHORMAT,

RUPINA MUNG SAKITU NU KAPIHATUR, MUGIA  
PISANGGEM NEMBE TIASA JADI PANGGEUING, OGE  
PAMAGEUH CANGREUD PIKEUN KASADARAN URANG  
SADAYA, UTAMINA KANGGO PAMARENTAH DAERAH OGE  
DPRD, ANU TEMAHNA AJEN TUR KOMARA  
PAMARENTAHAN KAPAYUN BARIS NGARONJAT, ANU  
SATERASNA BARIS NANJEURKEUN HARKAT DARAJAT  
SAKUMNA RAHAYAT PURWAKARTA.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN NU DIPIHORMAT,

MUGI KAUNINGA, SANGKAN LANCAR LUMANGSUNGNA  
IEU RAPAT PARIPURNA ISTIMEWA, SIM KURING NEDA  
BANTOSAN KA PANGANTEUR ACARA, KANGGO NUYUN  
LUMANGSUNGNA ACARA SALAJENGNA.

KA PANGANTEUR ACARA SUMANGGA NYANGGAKEUN\_\_\_\_

---

**CATATAN : RAPAT DIPANDU OLEH PEMBAWA ACARA  
SAMPAI DENGAN PELAKSANAAN ACARA  
PEMBACAAN DO`A, SETELAH SELESAI  
KEMUDIAN PEMBAWA ACARA  
MENYERAHKAN KEMBALI KEPADA  
PIMPINAN RAPAT. SELANJUTNYA  
RAPAT DILAKSANAKAN SEBAGAI  
BERIKUT:**

NGAHATURKEUN NUHUN KA PANGANTEUR ACARA,  
REHING PARANTOS NGABANTOS JISIM KURING DINA  
NGALAKSANAKEUN IEU RAPAT PARIPURNA.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN ANU KU SIM KURING  
DIPIHORMAT,

RUNTUYAN ACARA SADAYANA PARANTOS RENGSE  
DILAKSANAKEUN KALAYAN LANCAR TUR TARTIB.

## **"PURWAKARTA ISTIMEWA"**

PANUTUP LAKU PAMUNGKAS BASA, SIM KURING  
MINANGKA KETUA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA,  
NGAHATURKEUN REWU NUHUN LAKSA KETI KABINGAHAN  
KA PARA WARGI SADAYA, ANU PARANTOS LUNTUR GALIH  
KERSA RURUMPAHEUN SUMPING NGALUUHAN RAPAT  
DINA DINTEN IEU.

DIBARUNG KU KEDALNA CARITA NU NYANGKARUK DINA  
DADA, DISARENGAN KU LEAHNA MANAH, SIM KURING  
NEDA DIHAPUNTEN SAUPAMI DINA NGALARAPKEUN  
ENTEPE SEUREUHNA IEU BABASAN, TEU LUYU SARENG  
TETEKON.

SAKALI DEUI, WILUJEUNG MILANGKALA PURWAKARTA  
KA 181. SARENG MILANGKALA KABUPATEN KA 44.

SAKITU ANU KAPIHATUR, BOBOT SAPANON, CARANG  
SAPAKAN, MUGIA PARA WARGI SADAYA TIASA  
NGAMAFHUM.

KALAYAN NYEBAT "ALHAMDULILLAHIRROBIL'ALAMIN"  
RAPAT PARIPURNA ISTIMEWA DPRD KABUPATEN  
PURWAKARTA DINTEN IEU, JUMAT, PING 20 JULI 2012,  
KU SIM KURING :

===== DI TUTUP =====  
===== KETOK PALU 3 KALI =====

*BILLAHITTAUFIQ WALHIDAYAH.  
WASSALAMUALAIKUM WR WB.*

**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH  
KABUPATEN PURWAKARTA**

**SEKRETARIS,**

**KETUA,**

ttd

ttd

**Drs. H.M SYACHRUL KOSWARA, MM**

**UCOK UJANG WARDI**